

San Rekouvremman pou Dezas / Sant Reklamasyon ap Fèmen nan Pawas Rapides

Release Date: Dec 28, 2020

– Sant Rekouvremman pou Dezas (DRC)/ Sant Reklamasyon nan Alexandria pral fèmen yon fason pèmanan a 5 p.m. nan jou 29 desanm.

Sant lan sitiye nan:

Rapides Coliseum

5600 Coliseum Blvd

Alexandria, LA 71303

Lòt Sant Reklamasyon yo ki nan Louisiana ap rete louvri. Yo tout genyen yon kote pou chita deyò pou pèmèt diskisyon avèk anplwaye FEMA yo san danje an konfòmite avèk Covid-19. Li obligatwa pou tout moun mete mask oswa kouvri figi yo. Sivivan yo kapab mande enfòmasyon sou pwosesis reklamasyon yo, diskite sou sa ki egzije nan dokiman yo epi jwen èd sou kijan pou fè yon reklamasyon.

Li pa nesesè pou mete randevou. Sant yo louvri de lendi a vandredi: lè operasyon yo se 8 a.m. a 5 p.m. jou samdi yo depi 10 a.m. jiska 3 p.m., fèmen nan jou dimanch yo.

Sivivan siklòn yo nan Louisiana kapab vizite nenpòt lòt DRC nan eta a. Pou jwenn adrès sant ki pi pre a oswa pou tcheke lè operasyon yo, vizite:

gateway.fema.gov/ESF6/DRCLocator. Se FEMA ki opere DRC yo avèk Biwo



FEMA

Page 1 of 2

Gouvènè a pou Sekirite Teritwa ak Preparasyon pou Ijans.

Sivivan yo pa bezwen vizite yon sant pou aplike pou asistans federal oswa pou mete aplikasyon yo ajou. Pou aplike, poze kesyon oswa soumèt enfòmasyon:

Rele Liy Telefòn FEMA pou asistans nan 800-621-3362 oswa TTY 800-462-7585, vizite www.DisasterAssistance.gov oswa telechaje Aplikasyon Mobil FEMA a nan fema.gov/about/news-multimedia/app.

Pou jwenn dènye enfòmasyon sou Siklòn Laura, vizite sitwèb fema.gov/disaster/4559. Oswa, sou Siklòn Delta, vizite sitwèb fema.gov/disaster/4570. Swiv kont Twitter FEMA Region 6 la sou twitter.com/FEMARegion6



FEMA

Page 2 of 2